



Rekonesans sou Responsablite Finansye ak Frè pou Randevou Rate (No-Show Fee)

Responsablite Finansye: Mwen rekonèt ke mwen responsab finansyèman pou tout frè ki asosye ak sèvis Chrysalis Center LLC, ki opere sou non Chrysalis Health, ban mwen, kit asirans mwen peye yo oswa non.

Mwen rekonèt se responsablite mwen pou bay enfòmasyon egzak sou asirans mwen tout tan, tankou bay kat asirans ki ajou, verifye detay sou kouvèti asirans mwen, epi fè Chrysalis Health konnen san pèdi tan nenpòt chanjman. Si move enfòmasyon sou asirans lakòz reklamasyon yo refize oswa sèvis yo pa kouvri, mwen pral responsab pou peye frè sa yo.

Mwen bay Chrysalis Health otorizasyon pou voye reklamasyon bay konpayi asirans mwen oswa nenpòt lòt moun oswa òganizasyon ki responsab pou peye sèvis yo, epi pou resevwa peman pou sèvis yo ban mwen.

Mwen konprann mwen responsab pou peye nenpòt franchiz (deductible), kopeman (co-payment), ko-asirans (co-insurance), oswa sèvis asirans mwen pa kouvri, jan plan asirans mwen an detèmine.

Mwen konprann mwen pral resevwa yon Eksplikasyon sou Benefis (Explanation of Benefits – EOB) nan men konpayi asirans mwen. Dokiman sa a ap montre ki sèvis Chrysalis Health te voye pou peman epi li pral endike ki kantite lajan mwen responsab pou peye. Mwen pral resevwa tou yon fakti nan men Chrysalis Health avèk enstriksyon sou fason pou fè peman, ki pral montre nenpòt balans ki rete, si genyen, ansanm ak detay sou sèvis mwen te resevwa. Mwen responsab tou pou nenpòt chèk ki pa pase (bounced checks) ak nenpòt lòt frè Chrysalis Health fè poutèt sa.

Mwen dakò pou peye san reta nenpòt pati nan frè yo ki se responsablite mwen.

Kopeman (Co-payment) dwe peye lè sèvis la fèt. Pou fasilite pwosesis sa a, Chrysalis Health ap kontakte mwen de (2) jou ouvrap anvan randevou mwen pou ranmase kopeman an, franchiz la (deductible), ko-asirans la (co-insurance), oswa nenpòt balans ki poko peye.

Franchiz (Deductible) / Ko-asirans (Co-insurance): Yo ka mande yon peman davans ki fèt ak bon lafwa (good-faith payment) nan moman sèvis la. Peman sa a se yon estimasyon sou kantite lajan mwen ka dwe. Apre konpayi asirans mwen fin trete reklamasyon an, Chrysalis Health ap voye yon fakti ki montre nenpòt balans ki rete, si genyen, ansanm ak detay sou sèvis yo te bay. Si Chrysalis Health pa kapab resevwa peman davans sa a oswa nenpòt balans ki poko peye, yo ka anile oswa ranvwaye randevou a jiskaske yo fè yon aranjman pou peman an.

Si mwen gen nenpòt kesyon konsènan Eksplikasyon sou Benefis (EOB) mwen, oswa kantite oswa limit kouvèti asirans mwen, mwen dwe kontakte konpayi asirans mwen san pèdi tan pou mande plis eksplikasyon.

Frè pou Randevou Rate (No-Show Fee): Pou kliyan ki gen Asirans Komèsyal sèlman

Nou konprann pafwa ou ka bezwen chanje dat oswa lè randevou ou. Lè nou pran yon randevou pou ou, tan sa a rezève espesyalman pou ou rankontre ak yon pwofesyonèl swen sante. Sa ede nou bay tout kliyan nou yo pi bon sèvis posib.

Si ou bezwen chanje randevou ou, tanpri rele nou pi vit posib si gen yon ijans, oswa omwen 24 èdtan davans.

Si ou pa vini nan randevou ou te pwograme a, y ap fè w peye yon frè \$50 pou randevou rate (No-Show Fee).

Yon randevou ap konsidere kòm yon randevou rate (no-show) si ou pa rive nan randevou a nan lespas 15 minit apre lè randevou a te pwograme.